Department of Education

Carmen Fariña
Chanselye

AVI PIBLIK AMANDE
3 FEVRIYE 2015

RÈGLEMAN CHANSELYE A-413
ITILIZASYON TELEFÒN SELILÈ AK LÒT APARÈY ELEKTWONIK ANNDAN LEKÒL

I. Deskripsyon sijè ak objektif kesyon yo pwopoze konsidere a

Règleman Chanselye A-413 se yon nouvo règleman. Li kontwole tilizasyon telefòn selilè, aparèy konpitè ak sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman ak lòt aparèy nan lekòl.

Men sa règleman an di:

- Yo pèmèt elèv vini avèk aparèy elektwonik sa yo nan lekòl: telefòn selilè, laptop, tablèt, iPads ak lòt aparèy konpitè sanblab ("computing devises"), ak sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman nan lekòl.
- Chak Direktè lekòl dwe etabli pwòp règleman lekòl la alekri sou sikonstans kote yo ka itilize bagay elektwonik sa yo dapre Règleman sa a epi yo dwe gen mo Ekip lidèchip lekòl la.
- Règleman lekòl yo dwe etabli sikonstans kote yo ka itilize telefòn selilè, aparèy konpitè ak sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman ak lòt aparèy nan lekòl la epi yo dwe mete pwsedi anplas pou konfiskasyon ak retounen bagay sa yo bay mèt yo.
- Pou lekòl ki nan campus yo, Konsèy bilding lan dwe etabli règleman pou itilizasyon bagay sa yo nan espas lekòl yo pataje yo.
- Yo pa ka ni limen ni itilize okenn aparèy elektwonik ni sistèm pou tande mizik ak divètisman padan egzèsis ensandi ni okenn lòt egzèsis preparasyon an ka ijans.
- Elèv pa ka ouvri okenn telefòn selilè yo ak sistèm mizik ak divètisman ni itilize yo pandan quiz, tès ni egzamen lekòl la.
- Yo pa ka ni limen ni itilize okenn aparèy elektwonik pandan okenn quiz, tès ni egzamen, eksepte kote lekòl la otorize sa klèman oswa kote yo otorize sa nan yon IEP oswa nan plan akomodasyon Seksyon 504.
- Yo pa ka ni limen ni itilize okenn aparèy elektwonik ni sistèm pou tande mizik ak divètisman nan vestyè (locker rooms) ni nan twalèt yo.
- Lekòl yo dwe adopte règleman pou ane lekòl 2014-2015 disi 2 mas 2015, epi apre, chak ane nan dat 31 oktòb pou pi ta.
- Jiskaske yon lekòl adopte pwòp règleman li pou ane lekòl 2014-2015 lan, lekòl la dwe suiv règleman sa yo pa enterim epi mete elèv, paran ak estaf okouran sou yo: 1. Elèv gen dwa vini avèk telefòn selilè, aparèy elektwonik ak sistèm pòtab pou fè mizik ak divètisman nan

lekòl la; oswa 2. Elèv gen dwa vini avèk telefòn selilè nan lekòl la, men lekòl la ap ranmase yo lè elèv antre nan bilding lan kenbe yo nan plas kèlkonk jiskaske jounen lekòl la fini. Elèv gen dwa vini avèk aparèy elektwonik ak sistèm pòtab pou fè mizik ak divètisman nan lekòl la, men yo pa ka ouvè yo ni itilize yo nan lekòl la.

- Apati ane lekòl 2015-2016 la, rive 31 oktòb, lekòl yo dwe sètifye Plan konsolide pou devlòpman lekòl ak jèn *Consolidated School and Youth Development Plans* yo ke yo adopte yon règleman konsènan itilizasyon telefòn selilè, aparèy konpitè ak sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman ak lòt aparèy nan lekòl la epi yon dwe mete elèv, paran ak estaf okouran règleman sa a.
- Chak lekòl dwe bay elèv, paran ak estaf yon avi alekri sou Règleman sa a ak sou pwòp règleman lekòl la rive 31 oktòb. Pou ane lekòl 2014-2015 lan sèlman, yo dwe bay avi sa a nan espas 30 jou depi yo adopte règleman lekòl la.
- Chak lekòl dwe fè yon oryantasyon pou estaf ak elèv lekòl la chak ane rive 31 oktòb sou règleman sa a ak sou règleman lekòl la. Pou ane lekòl 2014-2015 lan sèlman, yo dwe yo fè oryantasyon sa a nan espas 30 jou depi yo adopte règleman lekòl la.
- Chak lekòl dwe afiche yon avi sou òp règleman li an nan sitwèb lekòl la.
- Elèv ki itilize telefòn selilè, aparèy elektwonik ak/oswa sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman an vyolasyonKòd Disiplin DOE a, règleman lekòl la, Règleman Chanselye A-413 la, ak/oswa kòd DOE pou itilizasyon entènèt la *DOE's Internet Acceptable Use and Safety Policy* ("IAUSP") kapab sibi disiplin dapre gid entèvansyon ak repons disiplin ki nan Kòd disiplin lan.
- Si yon lekòl konfiske yon telefòn selilè, aparèy elektwonik ak/oswa sistèm pòtab pou tande mizik ak divètisman pou vyolasyon Kòd disiplin DOE, règleman lekòl la, Règleman sa a ak/oswa kòd DOE pou itilizasyon entènèt la *DOE's Internet Acceptable Use and Safety Policy* ("IAUSP"), Direktè lekòl la oswa reprezantan li dwe kontakte paran elèv la. Konfiskasyon bagay sa yo ak retounen bagay sa yo bay mèt yo dwe fèt dapre règleman lekòl la.
- Chanselye a kapab fè eksepsyon pou yon pòsyon règleman an oswa pou tout règleman an si li wè ke sa ap nan pi bon enterè sistèm lekòl la.

II. Enfòmasyon konsènan kote ou ka jwenn tout tèks kesyon yo pwopoze konsidere a

Ou ka jwenn tout tèks règleman ak règleman an ann antye sou paj prensipal sit wèb Komite pou règleman sou Edikasyon *Panel for Educational Policy* (PEP) : http://schools.nyc.gov/AboutUs/leadership/PEP/publicnotice/2014-2015/February2015Regulations

III. Non, biwo, adrès, imèl ak nimewo telefòn reprezantan distri Vil la, ki gen konesans sou kesyon nou gen pou konsidere a, ki ka bay enfòmasyon konsènan kesyon an.

Non : Kristina Hardial

Biwo: Office of Safety and Youth Development

Adrès : 52 Chambers Street, Room 218, New York, NY 10007

Imèl : RegulationA-413@schools.nyc.gov

Telefòn : 212-346-5212

IV. Dat, lè ak kote reyinyon PEP a ap fèt pou Komite a vote sou sa yo pwopoze a

25 fevriye 2015 a 6:00 p.m.
High School of Fashion Industries
225 W. 24th Street
New York, NY 10011